



Haitian Creole Edition
Grade 7 Mathematics, Book 1
Sample Test 2005

Matematik
Liv 1

Ane

7

Egzanp Egzamen 2005

KONSÈY POU FÈ EGZANP EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou fè tout sa ou kapab.

- Asire ou li tout sa ki nan tiliv egzamen an avèk atansyon.
- Ou ka sèvi ak zouti ou pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou chwazi repons ou.



Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou yo.



Desen sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou yo.

Kontinye

Direksyon

Reponn egzanj kesyon A ak B.

Egzanj A

Ki pi gran faktè komen pou 12, 18 ak 24 ?

- A** 2
- B** 3
- C** 6
- D** 12

Egzanj B

Ki ekspresyon ki reprezante twa fwa yon nonb plis kat?

- F** $7x$
- G** $12x$
- H** $4x + 3$
- J** $3x + 4$

1

Ki pi piti miltip komen pou 3, 6 ak 27?

- A 3
- B 27
- C 54
- D 81

2

Anna travay kòm yon pent. Li reklame \$130 pou materyèl penti ak \$25 pou chak èdtan, h , li travay. Ki ekspresyon ki reprezante kantite lajan total Anna reklame?


- F $(130 + 25)h$
- G $130 + 25h$
- H $130h + 25$
- J $130 + (25 + h)$

3


Sèt fi nan klas Madam Baumon patisipe omwen nan yon aktivite lekòl la. Mary ak Shelly jwe baskètbòl sèlman; Shawna ak Layla chante sèlman; epi Trina, Stephanie ak Kim jwe baskètbòl epi yo chante tou. Ki dyagram Venn ki reprezante done yo kòrèktman?

AKTIVITE LEKÒL


Jwe Baskètbòl Chante

A**AKTIVITE LEKÒL**


Jwe Baskètbòl Chante

C**AKTIVITE LEKÒL**

Jwe Baskètbòl Chante

B**AKTIVITE LEKÒL**


Jwe Baskètbòl Chante

D**Kontinye**

4 Ane pase, $9,9 \times 10^5$ moun te patisipe nan New York State Fair. Ki nonb ki eksprime sou fòm estanda?

- F** 9.900
- G** 99.000
- H** 990.000
- J** 9.900.000

5 Yo montre yon piramid anba a.



Ki fòm baz piramid lan?

- A** pentagòn
- B** kare
- C** triyang
- D** trapèz

6 Tony genyen de sachè. Chak sachè genyen twa objè ladan. Premye sachè a genyen yon pyès 10 santim, yon pyès 5 santim ak yon pyès 1 santim. Dezyèm sachè a genyen yon bouton wouj, yon bouton ble ak yon bouton jòn. Tony chwazi yon objè nan chak sachè. Konbyen konbinezon de objè posib li ka chwazi?

- F** 3
- G** 6
- H** 9
- J** 15

7

Ki nonb ki se yon nonb irasyonèl?

A $\sqrt{3}$

B $-13,5$


C $\frac{7}{11}$

D $\frac{1}{\sqrt{9}}$

8

Ki zouti ak teknik ki sèvi pou mezire sipèfisi yon objè?

F



mezire kote objè a

G




konpare objè a ak objè ou deja konnen pwa li

H



mete objè a nan yon tas dlo pou wè ki kantite dlo li deplase

J



jwenn pwa objè a

Kontinye

9

Manman Eric vle ede li avèk devwa matematik li. Li mete 24 bonbon nan yon bokal bonbon. Douz bonbon se bonbon chokola, 8 fèt ak farin avwàn, epi 4 fèt ak manba. Answit, li fè Eric chwazi yon bonbon nan bokal a san li pa gade. Answit, Eric chwazi yon dezyèm bonbon san li pa ni gade ni ranplase premye bonbon a. Mi pwobabilite pou Eric chwazi yon bonbon farin avwàn dabò ak yon bonbon chokola answit?

A $\frac{1}{6}$

B $\frac{4}{23}$

C $\frac{5}{6}$

D $\frac{59}{69}$

10

Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$3^3 - 2^2$$

F 1





G 5

H 23

J 25

11

Ki figi anba a ki reprezante yon rektang ki genyen somè $(3, 2)$, $(-1, 2)$, $(-1, -1)$, ak $(3, -1)$?



Kontinye

12 Jacob te resevwa nòt sa yo pou senk dènye egzamen syans li.

81, 73, 80, 94, 97

Ki etandi nòt Jacob yo pou senk egzamen syans sa yo?

F 16

G 24

H 81

J 85

13 Ki pi gran faktè komen pou 12, 16, ak 20?

A 2

B 4

C 6

D 12

14 Konbyen mililit ki egal a 0,7 lit?

1 lit = 1.000 mililit

F 0,007

G 0,07

H 70

J 700

15

Derek ap fè yon eksperyans pwobabilite pou klas matematik li. Li sèvi ak dis kat yo montre anba a.

Kat 1 Nwa	Kat 2 Nwa	Kat 3 Nwa	Kat 4 Blan	Kat 5 Blan
Kat 6 Blan	Kat 7 Blan	Kat 8 Gri	Kat 9 Gri	Kat 10 Gri

Derek chwazi yon kat owaza nan yon bwat, li gade koulè a epi li ranplase kat la. Li repete sa 100 fwa. Konbyen fwa ou espere Derek ap chwazi yon kat blan?

- A 20 fwa
- B 30 fwa
- C 40 fwa
- D 50 fwa

Kontinye

16

Extreme View Helicopter Tours vole 34 fwa vandredi. Nan samdi, yo vole menm kantite fwa yo te fè dimanch. Kantite total fwa yo vole pou twa jou yo se te 118. Konbyen fwa Extreme View Helicopter Tours vole samdi?

F 34

G 42

H 59

J 84

17

Kouman "de plis pase kosyan sis ak yon nonb, n ," ekri sou fòm yon ekspresyon aljebrik?

A $6n + 2$

B $6n - 2$

C $\frac{6}{n} + 2$

D $\frac{6}{n} - 2$

18

Yon lawoulèt divize an senk seksyon egal ki genyen nimewo 1 jiska 5. Fè prediksyon kantite fwa sou 240 tou lawoulèt la ap rete sou yon chif enpè.

F 80

G 96

H 144

J 192


19

Sarah ap bati yon kay poupe. Planche kay poupe a kare. Sarah kouvri planche a avèk 144 pous kare twil. Ki longè yon kote planche kay poupe a an pous?

- A 12
- B 38
- C 72
- D 144

20

Kevin deziyen yon sistèm awozaj pou lakou li. Yon wotasyon awozè a wouze yon sèk ki genyen yon sipèfisi 225π pye kare. Ki reyon, r , sèk awozè k ap vire toutotou a wouze?



$$A = \pi \times r^2$$

- F 15 pye
- G 25 pye
- H 30 pye
- J 47 pye


Kontinye

Yon pwopriyetè magazen bèt domestik fè yon sondaj sou 20 kliyan pou konnen ki kalite bèt domestik yo posede. Rezilta sondaj la prezante nan tablo ki anba a.

KALITE BÈT DOMESTIK

Bèt Domestik	Kantite Li Posede
Chyen	
Chat	
Pwason	
Okenn	

Ki grafik sèk ki pi byen reprezante done ki nan tablo a?



22 Ki nonb ki pi gran?


- F $6,7 \times 10^4$
- G $7,6 \times 10^{-4}$
- H $8,9 \times 10^3$
- J $9,8 \times 10^{-3}$

23 Konbyen liv ki nan 24 ons?

$$1 \text{ liv} = 16 \text{ ons}$$

- A 1
- B 1,5
- C 2
- D 2,5

24 Ki sipèfisi rektang ki trase sou plan kowòdone yo montre anba a?



- F 21 inite kare
- G 24 inite kare
- H 28 inite kare
- J 32 inite kare

Kontinye

25

Jesse prevwa mwayèn frap li apre 5 premye jwèt sezon an ap pi wo pase 0,300.

Tablo ki anba a prezante frap Jesse yo ak tan li pase nan frape pandan 5 premye je yo. Mwayèn frap la egal a frap yo divize pa tan ki pase nan frape.

**FRAP DJESI PANDAN
SENK PREMYE JWÈT**

Jwèt	Tan ki pase nan Frape	Frap
1	4	0
2	5	1
3	4	2
4	3	1
5	4	2

Kouman prediksyon Jesse a te egzat konsènan mwayèn frap li?

- A** Li te pi ba pase sa li te prevwa.
- B** Li te pi wo pase sa li te prevwa.
- C** Li te egal ak previzyon li yo.
- D** Mwayèn nan pa ka detèmine.

26





Ki pi piti miltip komen pou 4, 5 ak 6?

- A** 30
- B** 60
- C** 90
- D** 120

27

Piktogram ki anba a montre lavant rekò Vista Sunglass pou 2004.

LAVANT LINÈT SOLÈY VISTA POU 2004

Koulè Lantiy	Pè ki Vann
Mawon	
Jòn	
Vèt	
Gri	

LEJANN

 = 10.000 pè

Ki koulè lantiy ki te genyen lavant twa fwa pi plis pase youn nan lòt koulè lantiy yo?

- A mawon
- B jòn
- C vèt
- D gri

28

Senplifye ekspresyon ki anba a.

$$(6^2 - 2^4) \cdot \sqrt{16}$$

- F 16
- G 64
- H 80
- J 108

Kontinye

29

Ki inite pami sa ki ki annapre yo se yon **inite metrik** pou mezire mas?

- A** mè
- B** lit
- C** liv
- D** gram

30

Yon liy ayeryèn sèvi ak etikèt ki genyen kòd vil 3 lèt pou mete sou malèt. Premye ak twazyèm lèt chak kòd se toujou konsòn epi lèt nan mitan an se toujou yon vwayèl. Lang Anglè a itilize 21 konsòn ak 5 vwayèl. Konbyen konbinezon diferan kòd etikèt ki posib?

- F** 105
- G** 441
- H** 1.638
- J** 2.205



Ane 7

Matematik

Liv 1

Egzanp Egzamen 2005

The McGraw-Hill Companies